

DEPATMAN JESYON DECHÈ SOLID KONTE MIAMI-DADE

A LA CART

BILTEN NOUVÈL TRIMESTRIYÈL

RESIKLAJ NAN RÈV LÈ W FÈ PLIS MAL PASE BYEN

Se jou resiklaj. Ou rasanble bagay abityèl yo: jounal semèn pase a, vye bwat sereyal, ak bwat kola vid. Pandan w fin rasanble tout bagay ou genyen pou resikle yo pou mete yo nan kabwèt ble a, ou jwenn bwat pidza yè swa a avèk tach grès ak menm kèk rès fwomaj. Li fèt an katon; sa t ap regretan pou jete li nan fatra. Donk w espere sa w fè a se sa epi ou lage li nan kabwèt ble w lan avèk rès bagay pou resikle yo. Ou panse pito w resikle li pase w voye li jete, pa vre? Se lekonntrè. Tach grès sa yo ak rès manje yo pral kontamine tout yon pil bon bagay pou resikle.

Gen yon tèm espesyal pou lè w mete bagay ki pa resiklab oswa gen posibilite resèvi nan kabwèt resiklaj la. Yo rele sa resiklaj “nan rèv”, oswa aspirasyon resiklaj, epi se yon gwo pwoblèm pou pwogram Konte Miami-Dade la ak nan lòt inisyativ resiklaj toupatou nan peyi a. Rezidan yo nan konte a tèlman pa ka tann pou yo vin ekolojik, gen anpil bagay, ki fèt pou jete, ki fini pa polye pil bagay pou resikle pwòp yo, sa ki fè yo pa kapab vann.

Kèk nan bagay ki ateri lepli souvan nan kabwèt ble a se sache ak veso plastik. Sache makèt plastik yo se pi gran koupab ki jennen pwosede triyaj la. Lè sache plastik yo pase nan aparèy la, sache yo fonn epi rès yo bouche aparèy la ak angrenaj li yo. Chak dezèdtan, y oblije etenn machinri an pou retire sache ki fonn nan angrenaj yo pou aparèy yo kapab rekòmanse mache dous.

Menm si pwogram resiklaj Konte a pa kapab aksepte tout plastik, gen lòt chwa pou si w ta vle resikle plis. Paregzanp, anpil makèt aksepte sache plastik epitou veso an plastik ak an polistirèn (tankou paregzanp bwat yogout, plato vyann ak bwat ze).

Menm si resiklaj nan rèv la sòti nan yon volonte sensè pou w ede anviwònman an, li enpòtan pou note konsekans negatif li genyen sou efò resiklaj la. Sonje, anvan w mete kabwèt ble w lan sou twotwa a, pa bliye jete fatra ou kòmsadwa epi mete sèlman bagay ki akseptab nan kabwèt resiklaj ble a.

Pou plis enfòmasyon sou jan pou w resikle kòmsadwa sou twotwa, tanpri rele 311 oswa ale sou sit wèb Jesyon Dechè Solid la nan www.miamidade.gov/solidwaste

OPERASYON AJAN RESIKLAJ YO GEN KÒM OBJEKTIF MATE KONTAMINASYON

Ajan DSWM yo ap verifeye sa ki nan kabwèt resiklaj yo sou twotwa epi y ap mete etikèt koutwazi sou kabwèt ki kontamine yo. Ankenn nan de vandè ranmasaj pou resiklaj yo nan Konte a p ap vide kabwèt ki gen etikèt yo. Y ap kite tou yon ti katon sou pòt pa dèyè pwopriyete a ki di ki mezi koreksyon ki pou pran. Ni etikèt ki sou kabwèt la ni ti katon sou pòt la ap idantifye atik ki kontamine yo jwenn nan kabwèt la. Jiskaprezan ane sa a, gen 25 kanpay entansif ki fèt nan tout

zòn sèvis resiklaj la epi yo jwenn 602 kabwèt resiklaj ki kontamine. Yo planifye fè kanpay entansif yo chak semèn epi yo pral kontinye nan lavni kòm yon mwayen pou pi byen edike kliyan DSWM yo sou abitud resiklaj ki apwopriye.

Aplikasyon MDC Solid Waste la

W ap jwenn nouvo aplikasyon pou telefòn entelijan nou an gratis nan boutik aplikasyon Apple iTunes lan ak nan boutik aplikasyon Google Play la (l ap disponib nan kòmansman 2019!). Ou kapab mande sèvis ranmasaj dechè solid ak kontwòl moustik, jwenn lokal DSWM ki toupre w yo, kontakte nou epi plis bagay toujou.

KABWÈT KI PA BON!!!

Kabwèt ble w lan se pou katon, papye, boutèy, bwat konsèv (manje/bwason) SÈLMAN.

CHÈ RESIKLINA: Yè mwen te li bwochi “Li Enpòtan pou Resikle Kòrèkteman!” an epi mwen te aprann mwen pa kapab resikle bwat yogurt. Poukisa? Mwen te panse tout plastik te kapab resikle, sitou si yo gen yon senbòl resiklaj sou yo.

CHÈ RESIKLÈ NAN RÈV: *Mwen apresye kesyon w lan; resiklaj kapab pafwa twoublan. Sepandan, se pa tout plastik nou ranmase nan pwogram Konte a. Se sèlman boutèy plastik ki gen kou sere yo ki kapab resikle nan pwogram nou an. Nou pa aksepte ni bwat yogurt, ni bwat bè, ni veso a anpòte an plastik ni lòt plastik ki pa boutèy. Pou yon lis konplè ki bagay ki kapab resikle nan pwogram nou an, tanpri ale sou: www.miamidade.gov/solidwaste.*

CHÈ RESIKLINA: Mwen t ale nan salon syantifik lekòl pitit mwen an te òganize semèn pase a. Responsab Resiklaj Konte a J. Massa te pale sou resiklaj. Prezantasyon an te ekselan; m aprann anpil. Li te di sèso pa ale nan kabwèt resiklaj ble a. Mwen gen anpil. Kisa mwen kapab fè avèk sèso metal ak plastik mwen yo?

CHÈ KOLEKTÈ SÈSO: *Li pa ra pou nou jwenn sèso plastik ak metal nan kabwèt resiklaj ble a. Yo ap akseptab nan pwogram nou an. Olye de sa, n ankouraje kliyan nou yo pou yo remèt sèso metal yo nan dray klinin nan. Pifo dray klinin yo ap kontan aksepte yo. Kanta pou sèso plastik yo, ou kapab fè kado yo.*

CHÈ RESIKLINA: Nou renmen pidza nan fanmi mwen. Nou kòmande pidza omwen de fwa pa semèn. Èske nou kapab resikle bwat pidza nou yo?

CHÈ FANATIK PIDZA: Sa se yon kesyon ekselan! Tanpri pa mete bwat pidza plen grès, plen fwomaj oswa sal ou yo nan kabwèt resiklaj la. Pwogram resiklaj nou an aksepte sèlman katon pwòp. Tanpri mete bwat pidza yo nan kabwèt fatra vèt la.

CHÈ RESIKLINA: Piti gason m nan renmen liv. Avèk letan li koleksyone plizyè santèn liv. Genyen ki nan bon eta, gen lòt ki pa bon. Kòm kounye a li prale lwen nan kolèj, mwen panse l ap pi bon pou mwen debarase ak kèk nan liv li yo. Èske mwen kapab resikle liv pitit gason mwen an?

CHÈ MANMAN LEKTÈ PASYONE: Mèsi pou kesyon sa a. Pifò moun panse yo kapab lage liv nèt oswa vye liv yo nan kabwèt resiklaj ble a. Aksyon sa a pa kòrèk! Mwen sijere pou w triye koleksyon liv pitit gason w lan. Deside ki liv ki nan bon eta, epi fè kado yo nan bibliyotèk bò lakay ou a, nan yon magazen pèpè, nan yon klèb lekti oswa nan yon lekòl. Ou dwe jete liv ki nan move eta yo nan fatra.